



# Home Link - Haitian Creole

## (Lyen Lakay) Inite 3: Van ak Dlo: Semèn 3

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou pral aprann sou van ak dlo. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen. **AMIZE N!**

Non timoun nan: \_\_\_\_\_



### Langaj

(Anrapò ak istwa *Rabbits and Raindrops*)

#### Rakonte Istwa:

Mande pitit ou an pou l rakonte w yon istwa sou yon animal. Ekri l epi fè yon teyat avè l.

#### Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Ki animal ou pi renmen?
- Ki sa w renmen nan li \_\_\_\_\_(lape)?

### Alfabetizasyon

**Powèm:** Resite ansanm. Sa a se yon powèm pitit ou dwe abitye avè l.

#### Five Little Owls

Five little owls in an old elm tree.  
Fluffy and puffy as owls could be.  
Blinking and winking with big round eyes.  
At the big round moon that hung in the sky.  
- Anonymous

### Gwo Mouvman

#### Mouvman Zanimò:

Mande pitit ou an pou l bouje tankou yon...

- Krapo
- Chat
- Koulèv
- Kalmason

#### Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Se ki jan yon \_\_\_\_\_(krapo) bouje?
- Èske yon \_\_\_\_\_(koulèv) bouje rapid oubyen dousman?

### Pale epi Li Ansanm (20 minit)

#### Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Ki pati w pi renmen nan istwa a?
- Ki premye bagay ki pase nan istwa a?
- Ki sa w panse ki ka rive aprè?

### Matematik

#### Fòm Gwoup:

Mande pitit ou an pou l fòm yon gwoup ak 2 objè. Aprè sa, mande pitit ou an pou l fòm yon lòt gwoup avèk 1 objè epi apre sa avèk 2 objè.

#### Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Konbyen objè ki nan premye gwoup la?
- Konbyen objè ki nan dezyèm gwoup la?
- Ki gwoup ki genyen plis? Kòman w fè konn sa?

# Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou van ak dlo!

Lendi \_\_\_\_ Madi \_\_\_\_ Mèkredi \_\_\_\_ Jedi \_\_\_\_ Vandredi \_\_\_\_ Samdi \_\_\_\_ Dimanch \_\_\_\_

## Liv n ape li lekòl la:

*A Hat for Minerva* Louise ekriven: Janet Morgan Stoeke  
*The Snowy Day* ekriven: Ezra Jack Keats

## Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

*The Mitten* ekriven: Jan Brett  
*The Hat* ekriven: Jan Brett

## Kèk konsèy pou lè n ap li ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “**Exploring (eksplòre)** vle di mache gade bagay.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Ki sa w mete sou ou pou abiye deyò a nan jou nèt ki fè frèt yo?”